

ENFÒMASYON SOU DCR

Ajans Dwa Sivik (DCR, ki vle di "Division on Civil Rights") nan New Jersey a, se ajans leta ki responsab pou fè respekte dwa sivik nan New Jersey yo, tankou Lwa kont Diskriminasyon nan New Jersey (LAD), ak Lwa pou Konje Familyal nan New Jersey (NJFLA). Misyon DCR, se pwoteje moun nan New Jersey kont diskriminasyon, ak kont pèsekisyon dapre prejije nan kesyon travay, kay pou moun rete, ak kote piblik la konn ale.

LAD defann diskriminasyon ki baze sou sa yon moun wè oswa konsidere kòm ras, relijyon, peyi kote yon moun soti, si yon moun se gason oubyen fi, oryantasyon seksyèl, si yon moun gen idantite oswa di li se yon gason oubyen yon fi, andikap, ak lòt karakteristik pwoteje yo.

Lwa sa a aplikab nan kesyon travay, kay pou moun rete, ak kote piblik la konn ale (kote ki louvri pou piblik la, tankou komès, restoran, lekòl, kan ete, sant medikal, biwo ak ajans gouvènman, elatriye...)

KOUMAN POU DEPOZE YON PLENT

- 1** Pou depoze yon plent devan DCR, premye sa ou dwe fè, se voye yon fòmilè admisyon. Ou ka voye fòmilè admisyon an:
 - ▶ Anliy, si ou louvri yon kont, epi ou sèvi avèk Sistèm Aksè Ankèt kont Prejije nan NJ (NJBIAS, ki vle di "NJ Bias Investigation Access System")
 - ▶ Si ou rele nimewo 1.866.NJDCR4U, epi ou mande yon operatè DCR ede ou pare fòmilè a nan Sistèm Aksè Ankèt kont Prejije nan NJ a (NJBIAS).
- 2** Pral gen yon anketè ki kontakte ou pou fè yon entèvyou admisyon pou wè si DCR gen konpetans pou travay sou plent ou depoze a (kidonk, si w ap fè rapò pou yon vyolasyon LAD ki rive pandan 180 jou ki fenk pase yo, epi si yo kapab ede w).
 - ▶ Na ka sa a, DCR ap pare yon fòmilè plent verifye pou ou siyen. Depi ou siyen plent verifye a, yo vin konsidere ou tankou yon Pleyan.
- 3** DCR ap voye plent ou a bay Defandè a - ki se moun ou di ki vyole dwa sivik ou a. Defandè a ap gen yon chans pou reponn avèk pwòp istwa li sou sa ki pase a.
- 4** Apre sa, DCR pral mennen yon ankèt, ki kapab genyen ladan:
 - ▶ Entèvyou avèk ou, avèk Defandè a, epi avèk temwen
 - ▶ Revizyon dokiman ki ka sèvi yo, ansanm ak foto, ak anrejistreman videyo
 - ▶ Li enpòtan pou ou konsève tout prèv ki ka sèvi yo, kidonk prèv ki anrejistre avèk mwayen elektwonik, tankou tèks ak mesaj elektwonik, jouktan yo pran dènye desizyon sou ka a.

Lè ankèt la fini, DCR ap deside si gen kòz pwobab ki fè kwè gen yon vyolasyon lalwa ki rive.

REZOUZ DEZAKÒ

DCR ofri tou yon sèvis pou rezoud dezakò, pou moun ki vle rezoud plent yo dapre kondisyon ki akseptab pou tout pati ki ankòz yo. Ou ka negosye yon solisyon volontè nenpòt kilè, pandan pwosedi ap fèt sou plent lan oswa pandan ankèt la.

